eliminating racism
empowering women
ywca
cambridge, ma

CEOC

# 2023 Kesyonè pou Kandida Konsèy Minisipal Cambridge

Komite Opòtinite Ekonomik Cambridge (Cambridge Economic Opportunity Committee, CEOC) ak YWCA Cambrigde mete ansanm pou òganize yon fowòm pou kandida konsèy minisipal yo, jedi ki ap 12 oktòb soti 6è pou rive 7è nan aswè nan Temple Street (YWCA Cambridge's building). Avan nou tande kandida yo k ap pale konsènan pwogram yo an dirèk, li repons yo bay sou pwoblèm ki peze plis sou popilasyon vil Cambridge la ki gen pi piti revni yo.

Èske w enskri pou w vote? 28 oktòb se denye dat enskripsyon an. Pase vin enskri nan Biwo Komisyon Elektoral la (51 Inman Street), anliy https://www.sec.state.ma.us/ovr/, oswa nan adrès postal. Èske w asire w ou nan lis enskripsyon an? Verifye estati enskripsyon pou vote a: : https://www.sec.state.ma.us/VoterRegistrationSearch/MyVoterRegStatus.aspx

Ou pa konnen kote biro vòt ou a ye? Ale sou sit entènèt sa a pou w verifye: https://www.sec.state.ma.us/WhereDoIVoteMA/WhereDoIVote

Pa bliye vote jedi k ap sèt (7) novanm nan! Pou plis enfòmasyon sou vòt k ap fèt nan biro yo, vòt k ap fèt pi bonè yo ak vòt k ap fèt nan adrés postal yo, ale sou lyen sa https://www.cambridgema.gov/Departments/electioncommission

**Tab Matyè yo**

Lis Kandida yo

Kesyon 1

Tanpri li rezime sa konsènan povrete nan vil Cambridge. Kòman enfòmasyon sa yo pral bay plis jarèt ak politik ou a? Kisa w te aprann oswa kenbe nan enfòmasyon sa?

Kesyon 2

Patisipan nou yo di nou vwa yo pa souvan rive lavil la lè se pou pwoblèm ki afekte yo plis yo. Depi kèk lane, yon patisipan te di ¨Mwen renmen Cambrigde, men mwen pa kwè Cambridge renmen mwen.¨ Kòman w ap asire w pou w fè yo tande vwa tout moun nan vil Cambridge yo? Pale klè.

Kesyon 3

Ki politik ak inisyativ ou mete sou pye pou anpeche deplasman, epi bay yon lavi miyò ak manb nan kominote nou an (sa vle di moun k ap viv nan lojman piblik yo, granmoun yo, moun ki soti nan lòt peyi yo, moun ki andikape, elatriye.)?

Kesyon 4

Ki politik ak inisyativ espesifik w ap pwopoze pou pèmèt lojman ka vin pi abòdab? Ki enpòtans nou dwe abitan katye yo nan pran desizyon konsènan rekonstriksyon nan Vil lan?

Kesyon 5

Konsènan pwoblèm sante mantal ak move sibstans k ap ogmante chak jou nan kominote nou an, ki plan w genyen pou w travay men nan men ak yon ekip espesyalis swen sante lokal, òganizasyon kominotè, ajans kominal ak abitan yo pou nou jwenn yon bon estrateji ki kapab ede nou konbat pwoblèm sante mantal sa ak kriz move sibstans sa yo epi asire byennèt abitan vil Cambridge yo?

**Lis Kandida yo**

| **KANDIDA** | **RANPLI KESYONÈ A** |
|---|---|
| **Adrienne Klein** | **Wi** |
| **Ayah Al-Zubi** | **Wi** |
| **Ayesha Wilson** | **Wi** |
| Burhan Azeem | Non |
| Carrie Pasquarello | Non |
| **Catherine Zusy** | **Wi** |
| **Dan Totten** | **Wi** |
| Douglas Brown | Non |
| **E. Denise Simmons** | **Wi** |
| **Federico Muchnik** | **Wi** |
| **Frantz Pierre** | **Wi** |
| Gregg Moree | Non |
| **Hao Wang** | **Wi** |
| **Jivan Sobrinho-Wheeler** | **Wi** |
| Joan Pickett | Non |
| Joe McGuirk | Non |
| **John Hanratty** | **Wi** |
| **Marc McGovern** | **Wi** |
| **Patricia Nolan** | **Wi** |
| **Paul Toner** | **Wi** |
| Peter Hsu | Non |
| **Robert Winters** | **Wi** |
| **Sumbul Siddiqui** | **Wi** |
| **Vernon Walker** | **Wi** |

Tanpri li [rezime] sa sou povrete nan Cambridge. **Kòman enfòmasyon sa yo pral bay plis jarèt ak politik ou a? Kisa w te aprann oswa kenbe nan enfòmasyon sa? Lyen ki bay enfòmasyon sou povrete nan Cambridge:**
**https://docs.google.com/document/d/1BzarIVq3L3i4Gc6_S7KTyM1Oh1X8VT0-TCrClvu245s/edit?usp=sharing**

| | |
|---|---|
| **Adrienne Klein** | L ap itil pou nou konnen byen konbyen fanmi ki pa kapab benefisye avantaj piblik yo paske salè yo twò wo pou sa, men ki pa touche ase pou nou ta konsidere yo tankou moun ki estab finansyèman (sa vle di yo pi ba pase 250% FPL la). |
| **Ayah Al-Zubi** | 1) Eka ki genyen ant salè yo dwe redwi pandan nou ap kreye opòtinite ki estab bay kominote a, ofri yo yon bon salè epi pou yo grandi. Ant ti krapday lajan n ap resevwa nan SNAP, lwaye kay k ap vin pi chè, yon lis ki chage ak moun k ap tann, sa son kriz.<br><br>2) N ap ¨champyon¨ ap sipòte moun ki gen salè ki pi ba yo ak moun po fonse yo, abitan Cambridge, men pwogram lajan yo pa sifi. Manman ki selibatè yo bezwen sipò, se pa selman envesti nan sa ki antoure yo epi mete yo sou kote. Sa vle di envesti nan sèvis akonpayman, sipò pou swen timoun, elatriye. Klas popilè a pa gen menm aksè ak menm nivo aganjman politik paske yo pa janm sispann travay. Se politik ak sistèm nou yo k ap maltrete moun yo ki fè yo paka sòti nan touman san fen sa.<br><br>3) Nan fason nou sansib pou moun ki pi vilnerab nan kominote nou yo ANSYEN sa vle di gouvènman ap itilize yon fòmil lane 1960 pou kreye Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Line, FPL) ki pa panse ak lojman, transpò, elatriye. Nivo Federal Povrete (FPL) itilize dezekilib sa pou li retire tout moun ki ¨siperyè ak Nivo Federal Povrete (FPL)¨ a men ki gen difikilte yo se nan lide pou li retire fòmil sa nèt epi kreye limit nan finansman. Dezekilib sa yo fè pati pi gwo pwoblèm nan peyi a se sitiyasyon sa ki fè plis pale nan Cambridge. Menm lè nou ranje Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Line, FPL) la 250%, li ap toujou pa sifi pou Cambridge resevwa moun ki te mete fondasyon sa sou pye. |
| **Ayesha Wilson** | Malgre li sanble yon vil ki gen bon jan ledikasyon epi ki rich, Cambridge gen yon nivo povrete ki wo anpil. Li difisil anpil pou moun yo viv nan Cambridge paske lavi chè a, epi li peze |

| | |
|---|---|
| | sou do anpil fanmi. Povrete a afekte moun po fonse anpil tou nan Cambridge nan yon pousantaj ki wo sitou moun nwa ak latino yo ki anba nan pi ba nivo povrete a. Poutèt sa, mwen pral fè yon fason pou politik Cambridge la chita egalite nan lide pou nou redwi gwo eka ki genyen sou revni yo nan vil nou an. Grandi nan lojman sosyal, mwen konnen kijan l enpòtans sa pou vil la ta kapab ede fanmi ak abitan ki pa gen gwo mwayen yo. Poutèt sa, mwen pran angajman pou m fè konsèy minisipal la bay epi envesti nan pwogram ki pral soutni abitan ki pa gen gwo mwayen epi devlope pwogram sa yo pou moun yo pa santi yo paka viv nan vil la pou pwoblèm lajan. |
| **Catherine Zusy** | 12.7% se yon pousantaj ki enferyè pa rapò ak lòt vil ki nan menm gwosè ak nou, menm si sa pa vle di li bon pou sa. Sa vle di sa son gwo pwoblèm ki lokal ki nasyonal. (Epi, wi, viv nan Cambridge koute chè anpil!)<br><br>Bilan sa moutre nou tou angajman pou nou ede moun ki pi vilnerab yo ap koute chè tou. Lojman se premye premye pa a. Lòt depans yo: pwoteksyon pou timoun, mange ak depans medikal. Pandan n ap rann lojman abòdab pou pòv yo, nou dwe bay lòt sèvis tou pou lòt bezwen yo. Se yon pwoblèm ki konplike. Epi, wi, rejyon Cambridge la chage ak resous, nou ta dwe ka rezoud pwoblèm sa.<br><br>Bilan sa fè nou konnen tou manman selibatè yo touche pi piti lajan—yo toujou ap pran swen timoun yo, epi yo souvan manke konpetans espesyalize—epi se yo ki pòv. Nou dwe bay jenn fanm yo opòtinite pou yo devlope konpetans epi ale lekòl, pandan n ap ankouraje yo ak lavi yo ak lavi pitit yo y ap gen pou fè, pou yo ka fè lòt chwa. |
| **Dan Totten** | Enfòmasyon sa pa nouvo pou mwen paske li te enspire travay politik konseye Zondervan ak chwa li te gen pou l fè nan fason li te dwe separe resous yo pandan lane mwen t ap travay avè l antanke asistan nan lameri a. Nan sa ki gen rapò ak sèvis pou elektè yo, li te mandem pou m konsantre m sou moun k ap domi nan lari yo ak fason pou nou regle zafè lojman an - Mwen te ede pase on santenn pandan plizyè lane, souvan nan travay ak Komite Opòtinite Ekonomik Cambridge (Cambridge Economic Opportunity Committee, CEOC) ak lòt patnè kominotè. Sou plan politik, mwen te ede l devlope |

| | |
|---|---|
| | politik esansyèl pou pèmèt avanse lajistis rasyal ak ekonomik, sitou sou amandman<br>ki la pou pwoteje lojman abòdab, ki aktyèlman nan men konsèy la, pou sispann remòke machin yo lè y ap netwaye lari a, lekòl matènèl pou tout moun ak ogmantasyon pri koneksyon yo pou ka jwenn<br>plis lajan pou nou ka rann lojman pi abòdab. Se te yon privilèj pou mwen te fè pati group pèsonèl Komite Òdonans la pandan youn nan manda konsèy kominal la ki te bay plis rezilta pa twò lontan sa, mwen kontan pou fason patikilyè nou bay atansyon ak politik ki kapab pèmèt nou amelyore kondisyon lavi moun ki pi vilnerab nan Cambridge yo. Lis estatistik nou sot site yo fè nou reflechi, men nou gen chwa antanke vil ki rich pou nou konsakre richès nou pou nou kwape enjistis rasyal ak ekonomik. mwen angaje m pou m reyalize sa, fòk li fèt. |
| **E. Denise Simmons** | Antanke Konseye minisipal pandan lontan (abitan pandan lontan), kidonk enfòmasyon sa yo pa nouvo pou mwen. Sa li fè se ranfòse konviksyon m pou konsèy la rekonèt epi konprann n ap viv nan yon kominote ki chage ak richès ak opòtinite, men tou ki gen chage ak nesesite, anpil moun ap goumen pou yo ka fè patisipe nan richès sa. Sa ki enspire desizyon mwen pran yo ak aktivite politik mwen yo se dezi pou m jwenn yon fason poum retire plis moun, bay plis posibilite ekonomik epi goumen kont inegalite ki genyen sou revni, ensekirite nan zafè lojman ak ensekirite alimantè. Mwen pa gen dout Konsèy Minisipal la, pataje objektif li yo, men nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou plase objektif sa yo nan mitan tout politik minisipal nou yo. nou dwe asire nou, nenpòt lòt politik ak lot diskisyon nou rantre, n ap TOUJOU gen kesyon sa tèt nou ¨ki konsekans sa pral sou moun pi vilnerab pami nou yo? Kijan nou kapab travay pou n kapab pataje pi byen richès ak opòtinite ki genyen nan kominote nou an?¨ Sa ap rete etwal nò mwen, mwen espere si mwen eli nan konsèy minisipal la ankò, kolèg mwen yo ap pran menm angajman sa a. |
| **Federico Muchnik** | Mwen te pòv nan Cambridge, se yon manman selibatè ki son << imigran>> ki te leve m, Rita Arditti, soti 1969 jiskaske mwen te ale nan inivèsite nan lane 1978. Nou te on fanmi ak de (2) paran, de (2) revni lè bòpè m konn avèk nou, men lè li |

| | |
|---|---|
| | vin ale, Rita avèk mwen te vin sou kont tèt nou. Li tap travay antanke chèchè nan Harvard Medical School ki te bay nou tou de (2) asirans sante. Li te mete sou pye tou New Words, A Women's Bookstore, ki te chita kòl tipa tipa nan Hampshire St. tou pre Inman Sq. Siksè ak ti biznis te enpòtan anpil pou revni Rita. Antanke adolesan, mwen te kontan paske m te ka met lajan nan pòch mwen ak swè nan fon m ak yon itinerè pou m livre the Globe ak the Times (nan yon charyo, bonè nan maten), epi - rapidman - lave veso pou Bartley's Burger Cottage (Yo te konn rele m Steady Freddy). Nan epòk sa a, kay nou nan Cambridge (2 chanm kay, ki pat fin bon) te koute $175 chak mwa, ki te anpil kòb pou nou. Erezman lekòl te gratis epi li menm ak bibliyotèk la pat twò lwen lakay la, mange lekòl la te 25 santim. Mwen pase anpil tan lakay mwen nan gade televizyon oswa travay gratis pou Orson Welles Cinema pou m te ka gade fim. Cambridge gen plis resous pase anpil lòt komin nan depatman an ak nan peyi a pou goumen kont povrete. Cambridge ka pèmèt li pran plis ris pase lòt vil ki mwens prepare pase l yo, paske li ka repare tèt li pi vit si li pa ta reyisi yon objektif politik. |
| **Frantz Pierre** | Cambridge sa gen yon gwo pwoblèm povrete. |
| **Hao Wang** | Priyorite m se pou m ogmante nivo revni 20% abitan Cambrigde ki pa fè ase lajan pou viv ak travay nan Cambridge yo. Nou ka rive fè sa nan fòmasyon ak ledikasyon n ap bay moun yo ki gen rapò ak sa, nan devlopman ekonomik nan Cambridge ki kapab ofri yon pi bon travay ak pi bon revni nan Cambridge pou manman selibatè nou yo, popilasyon nwa ak mawon, epi lòt kominote ki pa gen bon revni yo. |
| **Jivan Sobrinho-Wheeler** | Antanke moun ki grandi ak yon sèl paran, nan yon fanmi kote pri lojman an te konn toupizi nou, ankadreman pou timoun ak lòt depans ankò, mwen sansib anpil pou sa moun ki nan povrete nan Cambridge yo ap viv. Enfòmasyon sa yo fè nou konnen antanke vil nou dwe fè plis jefò pou nou ede manb yo majinalize nan kominote nou yo, se poutèt sa m ap goumen pou m bay finansman pou zafè lekòl yo plis jarèt, yon envestisman anplis nan zafè lojman, plas ak espas pou moun jwe—epi pou antrepriz ak inivèsite peye yon sòm kòb egal pou ka ede nan finansman yo. |
| **John Hanratty** | Sa eksplike yon sitiyasyon ki makawon anpil ki afekte yon gwo |

| | |
|---|---|
| | pati nan popilasyon nou an. Menm si pwoblèm nou eksplike yo pa sèlman nan Cambridge, lavi chè a fè bagay yo vin pi difisil. Anpil lespri entèlijan ak lespri ki detèmine nan Cambridge, menm jan nan tout peyi a pa t rive rezoud pwoblèm konplike sa yo, pou rezon sa mwen santi bezwen pou mwen fè yon etid pi apwofondi pou m ka genyen plis presizyon sou pwogram yo.<br><br>Plizyè pwoblèm diferan lakoz nivo povrete nou gen la, sa vle di se yon sèl solisyon pap sifi. Aktyèlman vil la ofri plizyè pwogram ki pou rezoud anpil nan yo. Lè yo fin vote m, mwen ap kenbe tout pwogram ki te fè siksè yo jan enfòmasyon yo moutre l la epi travay pou m amelyore yo. Menm jan ak nenpòt antrepriz serye, nou dwe fikse objektif, analize rezilta yo, fè amelyorasyon epi envesti nan pwogram ki mache. Pwogwam yo dwe rezoud pwoblèm mizè a sou plas men tou solisyon yo dwe dirab.<br><br>Mwen panse abitan Cambridge yo kanpe dèyè jefò rèchèch. |
| **Marc McGovern** | Antanke travayè sosyal depi 29 lane avèk timoun ki pi vilnerab ak fanmi nan Cambridge yo ak nan tout depatman an, antanke pitit yon manman selibatè ki t ap viv sou bon alimantè, enfòmasyon sa yo pa nouvo pou mwen. Mwen te travay ak Komite Opòtinite Ekonomik Cambridge (Cambridge Economic Opportunity Committee,CEOC) ak kèk lòt ankò, depi kèk lane, sou yon rapò ki rele Ensekirite Revni nan Cambridge (Income Insecurity in Cambridge), ki rasanble anpil nan enfòmasyon sa yo epi se te premye enstans ki te kòmanse travay Fondasyon Kominotè Cambridge (Cambridge Community Foundation) te fini yo.<br><br>Travay mwen nan Konsèy la te toujou epi ap toujou rete, fokis sou amelyore lavi moun kap viv nan Cambridge ki nan difikilte yo. Malgre tout foli politik k ap fèt nan dènye tan sa yo, mwen kontinye kwè gouvènman ka fè bon bagay. Nou ka fè gwo diferans nan lavi sitwayen yo. Si mwen pa t kwè ladan l, mwen pa t ap fè l tounen travay vi mwen. |
| **Patricia Nolan** | Pi gwo defi n ap rankontre pou nou konbat povrete a chita nan konplikasyon pwoblèm yo. Men poutan li senp tou. Kijan nou ka goumen kont povrete? Bay lajan. Se sa pwogram RISE |

| | |
|---|---|
| | la fè - bravo pou kominote a ak Majistra pou travay di yo fè pou yo mete RISE sou pye epi asire yon aprantisaj pwograme avèk evalyasyon. Estatistik sou povrete yo se youn nan sa mwen te wè yo - yo toujou raple m pou m travay pi di pou rezoud yon pwoblèm fondamantal nan tout peyi a, ki grav isi a nan Cambridge: dezekilib sou revni yo. Enfòmasyon sa yo aprann mwen sou nivo povrete sa, nou dwe angaje nou yon lòt fwa ankò pou nou chanje sistèm ekonomik nou an - li fasil pou nou di opòtinite pou tout moun - men pou anpil nan yo se pa yon reyalite. Espesyalman lè n ap pale konsènan travay - nou pa bay valè ak ti djòb yo, konsa yo peye yo mwens poutan nou depann de travay yo. Mwen panse nou dwe ogmante salè minimòm vil la epi nou dwe fè presyon sa rete pou abitan nou yo ka jwenn travay ki byen peye. EPI, anpil moun nan povrete epi yo paka kenbe travay akoz pwoblèm mantal or adiksyon - Ki son pwoblèm sante piblik nou dwe bay anpil atansyon. |
| **Paul Toner** | Enfòmasyon sa jis konfime sa anpil abitan Cambridge t ap swiv pandan denye dizèn lane yo. Anpil travayè pòv ak klas mwayèn nan te oblije kouri kite vil Cambridge akoz pri lojman ak lavi chè ki nan vil Cambridge la. Chif sa yo moutre aklè kòman n ap viv nan deskripsyon yon ¨listwa de (2) vil¨<br><br>Nan sa ki gen rapò ak politik mwen, nou bezwen travay men nan men avèk lidè depatmantal ak lidè federal yo pou plede pou ogmantasyon finansman ak resous pwogram nasyonal epi depatmantal yo. Nan zòn lokal yo, nou dwe rete fokis pou nou kreye plis opòtinite pou rann lojman abòdab epi devlopman pou mendèv ak pwogram eskolè pou ede abitan nou yo gen aksè ak opòtinite travay nan chanjman nap pote nan ekonomi nou an. |
| **Robert Winters** | Mwen ap toujou itilize enfòmasyon ki kapab verifye pou kapab fè limyè sou chak desizyon. Mwen konnen tou chak lojman nou sibvansyone pral ajoute yon montan enpòtan sou taks yo, epi dwe genyen yon ekilib rezonab ant pwogram yo, sibvansyon nou bay yo ak kapasite pou finanse tout inisyativ. Epi, Cambridge paka rezoud sèlman yon moso nan tout pwoblèm sa yo. |
| **Sumbul Siddiqui** | Enfòmasyon sa yo ede m mete sou pye yon pakèt politik nan plizyè fason espasyalman lè mwen te dwe al jwenn majistra |

| | |
|---|---|
| | yo pou yon revni ki garanti pou 2020. Se poutèt sa mwen te kondi inisyativ Cambridge Rise la ak tout siksè li sot konnen la, RISE Up Cambridge. Nou te kòmanse ede 130 gadyen selibatè jiska 2000 fanmi avèk $500 chak mwa pandan plis pase 18 mwa. Reyèlman gen plis bezwen ak plis opòtinite pou bay yon estabilite finansyè nan vil Cambridge. Nou dwe panse ak lojman abòdab la tou epi bay opòtinite pou abitan ki ap viv la yo. |
| **Vernon Walker** | Politik mwen chita sou egalite, jistis ak amelyorasyon lavi moun yo mete sou kote nan vil nou an. Mwen ap yon avoka pou moun kap konstwi bilding ki 100% abòdab yo. Mwen ap ankouraje lòt politik tou tankou pou vil la fè eksperyans yon koupon lojman minisipal k ap pèmèt yo peye lwaye a pou pi piti pri, pou moun ki pa gen mwayen yo ak klas mwayèn nan.<br><br>Mwen ap soutni vil la nan kreye yon kowòdinatè sansibilizasyon pou kapab ede nou idantifye abitan ki gen ti revni yo epi ki vle jwenn premye diplòm inivèsitè yo, ki gen pase 25 lane pou yo vin gen konesans sou MassReconnect. MassReconnect se yon pwogram leta k ap pèmèt abitan yo jwenn yon diplòm inivèsitè gratis nan yon inivèsite kominotè. |

**Patisipan nou yo di nou vwa yo pa souvan rive lavil la lè se pou pwoblèm ki afekte yo plis yo. Depi kèk lane, yon patisipan te di ¨Mwen renmen Cambrigde, men mwen pa kwè Cambridge renmen mwen.¨ Kòman w ap asire w pou w fè yo tande vwa tout moun nan vil Cambridge yo? Pale klè.**

| | |
|---|---|
| **Adrienne Klein** | Antanke responsab sèvis elektoral, mwen tande anpil anpil abitan vil Cambridge k ap pale pandan dènye lane sa yo. Antanke konseyè minisipal, mwen ap kenbe angajman mwen sou sèvis elektoral yo epi fokis sou transparans gouvènman/aksè ak sèvis vil la. Cortigo se te youn nan zouti mwen te konn itilize antanke anplwaye minisipal, pou mwen te kapab jere 18 group diskisyon ki te patisipe nan deskripsyon pòs Direktè Minisipal la. Son platfòm ki itil pou reyini ak analize yon pakèt vwa diferan nan vil Cambridge, epi nou itilize li pou ede nou nan desizyon nou ap pran, mwen espere nou itilize li plis nan vil la. Anplis, li te posib pou nou itilize li atravè Zoom pou plis aksè. Mwen panse tou li nesesè pou nou gen lè pou nou nan biro ak lè pou nou sòti nan kominote a pou enfòme abitan yo epi fè yo patisipe nan aktivite kominotè yo, mwen lide kontinye fè li |

| | |
|---|---|
| | antanke abitan epi konseyè minisipal. |
| **Ayah Al-Zubi** | MWEN TANDE NOU!<br><br>Mesaj patisipan sa touche mwen anpil paske mwen pale ak anpil abitan, espesyalman Central Square, The Port ak Cambridgeport, konsènan mank aksè yo genyen nan resous yo, sipò ak difikilte y ap rankontre. Nou dwe reyèlman reyèlman angaje nou avèk kominote nou an—kreye bèl espas kote kominnite a kapab pran plezi li. Bell Hooks pale konsènan fason lanmou se pi gwo fòm rezistans. Aksè ak angajman politik se wout la—nou dwe kontinye retire rayiman epi pou renmen tout bon nan vil Cambridge.<br><br>Mwen vle toujou ap òganize deba solid kote mwen gen aksè yo nan tout vil la. Mwen vle kominote yo konnen mwen la pou mwen tande yo. Ta dwe gen lòt nan lòt lang- Kreyòl Ayisyen, Espanyòl, Chinwa, Amarik ak Arabik.<br><br>Mwen vle rete disponib. Mwen vle moun yo KWÈ nan politik LOKAL yo— mwen vle yo gen nimewo mwen epi gen aksè rele mwen. |
| **Ayesha Wilson** | Vwa yo se youn nan pwen enpòtan nan kanpay mwen. Pandan manda mwen antanke manm komite eskolè, mwen te fokis sou fè tande vwa otorite yo kontinye ap inyore jis kounye yo. Pandan nou ap mete zòrèy alekout espesyalman pou jèn yo, moun ak po fonse ak moun ki pa gen gwo revni yo, mwen asire mwen politik mwen yo rezoud pwoblèm kominote a toujou ap inyore a. Nou souvan tande menm vwa yo toutan toutan nan vil Cambridge, men mwen konprann nou p ap kapab rezoud tout pwoblèm sistèm nèt nan vil san nou pa tande vwa tout moun. Mwen ap kontinye kite zòrèy mwen alekout epi ale nan kominote nou pa wè nan Konsèy Minisipal yo pou nou konnen opinyon yo ak nesesite yo. Anplis, gras ak kontak mwen nan NAACP (National Association for the Advancement of Colored People) Cambridge la, YWCA (Young Women's christian Association) ak Cambridge Housing Authority, mwen reaji pèsonèlman avèk anpil abitan yo te toujou mete sou kote. Pou rezon sa yo, mwen konnen mwen pral kapab priyotize epi santre politik vil Cambridge sou total ak divès vwa Cambridge pa t janm chache nan listwa. |
| **Catherine Zusy** | Ankouraje tout katye pou yo kreye asosiyasyon katye pou defann enterè yo. |

| | |
|---|---|
| | kontinye angaje ti pèsonèl yo pou nou kapab fè sitwayen yo patisipe epi mande filbak yo nan kominote a. (Vil la ap travay san rete sou sa!)<br><br>Antanke Konseye, mwen angaje mwen pou mwen tande tout elektè yo. |
| **Dan Totten** | Li fasil pou nou di entansyon nou dwe reyèl konsènan kibò ak kilè nou ap kreye opòtinite pou moun ki konsène kapab patisipe san byen fasil, men nou dwe konnen tou patisipasyon nan pwosesis piblik son bagay difisil anpil. Mwen panse meyè fason pou nou fè yo tande divès vwa sa yo se pou yo byen peye yo pou tan yo. Pa egzanp, mwen soutni jefò pou nou ajoute moun Affordable Housing Trust la rive touche yo epi rekonpanse yo pou tan travay yo. Li enpòtan pou ede yo nan depans tankou swen pou timoun ki kapab parèt sanzatann sou yon moun ki ap eseye patisipe. Sa vle di mwen remake pandan sis (6) lane sa yo kòman konseye kapab<br>fè chwa mete priyorite ak enterè moun ki konsène yo devan. Travay ki pi enpòtan yon konseye minisipal ka fè se fè yo respekte opinyon ak priyorite nou menm lè yo pa tande yo nan bon fason yo - Se egzateman sa Quinton fè pandan sis (6) lane epi se sa mwen ap kontinye fè si mwen vin konseye minisipal. |
| **E. Denise Simmons** | Mwen te travay di pandan tout tan manda mwen nan konsèy la pou mwen pale dirèkteman avèk moun sa yo ak nan non yo epi itilize platfòm mwen an pou mwen fè konnen: ¨Mwen ap pale fò pou tout moun ki petèt pa toujou santi yo gen vwa pou yo pale tou nan konvèsasyon sa.¨ Men sa pa sifi; mwen ta dwe kontinye fòse konsèy minisipal la ak direktè minisipal la pou fè plis jefò epi chache konnen kilès ki pa la sou tab oubyen nan chanm nan. Deba sou Piblikasyon Dekrè sou Konsomasyon Enèji Batiman yo (Building Energy Use Disclosure Ordinance, BEUDO) yo se egzanp apwòch mwen an: pandan kèk nan kòlèg pa t sispann di deba politik sa yo pa dwe yon sipriz pou pèsonn, paske sa fè kèk lane depi konsèy la ap resevwa menm bagay yo sou plizyè fòm, epi kòm yo voye avi bay kominote a konsènan Piblikasyon Dekrè sou Konsomasyon Enèji Batiman yo (Building Energy Use Disclosure Ordinance, BEUDO), mwen te reaji pou mwen di si nou pa al frape dirèktman kay moun yo menm, pou nou prezante yo enfòmasyon sa yo nan yon langaj pou yo konprann - Epi pase lakay detanzantan pou fè yo konnen |

| | |
|---|---|
| | tout ti detay - ebyen nou pa fè ase jefò pou nou sansibilize yo ni angaje yo. Vil la bezwen fè yon pi bon travay nan fason li ap ankadre divès abitan li yo, divès nesesite yo ak divès fason li ap resevwa enfòmasyon sa yo ki la nan mitan kominote nou an. Mwen ap kontinye fòse kòlèg mwen yo ak administrasyon an pou nou toujou ap analize travay nou fè yo. |
| **Federico Muchnik** | Mwen ap fè yon dokimantè sou lavi nan bilding Walden Square ak nan Danehy Park. Mwen rankontre anpil moun ki soti lòt kote. Anpil imigran. Anpil nan jèn yo pa pale anglè twò byen, pou mwen pa di tout. Entegrasyon timoun te fet pi vit, nou te atann sa epi se yo ki asire majorite relasyon avèk la - pou paran yo. Sitiyasyon moun ki nan Walden Square yo ak anpil lòt bilding ankò nan vil Cambridge pa fasil paske se yon ti kras ladan yo ki ka benefisye li. Alòs kijan yon imigran pral fe santi li byen si vil la inyore li epi si li pa gen dwa patisipe? Èske Cambridge kapab bay abitan yo yon kat vèt pou yo ka vote? Zanmi mwen yo nan Walden Square t ap santi yo entegre si te ka vote- epi mwen espere pandan yo pako genyen kat vèt la, pou vil la pa diskriminen yo. Yon solisyon: yon mobilizasyon pou ¨kat vèt¨. Mete sou pye yon sistèm ki ap pèmèt moun ki KAPAB vote yo pou ale fè ak vwayen ki imigran yo. Vil Cambridge kapab mete sou pye yon ¨vòt ranplasan¨ kote vòt yon elektè kapab sèvi pou imigran ki pa kapab yo. Epitou: nou dwe itilize medya yo pou nou familyarize nou avèk yo pa bay dwa viv yo, anrejistre listwa yo epi al moutre konsèy minisipal yo a - espesyalman konseye a - ak elektè yo, pandan nou ap asosye politik ak inisyativ yo. Mwen t ap kontan gen chans pou mwen fè sa - mwen te fè li deja - antanke reyalizatè dokimantè epi konseye minisipal mwen tap renmen kontinye fè sa. |
| **Frantz Pierre** | Mwen santi mwen menm jan. Se youn nan rezon ki mennen mwen nan kous elektoral sa a. Mwen vle bay moun ki nan kominote a vwa pou yo pale. Mwen vle pote transpans ak responsablite nan konsèy la pandan nou ap edike epi sipòte kominote a ak tout nesesite li yo. |
| **Hao Wang** | Mwen ap fè jefò pou mwen vin konseye minisipal ki pi aksesib nan lide pou mwen jwenn plis responsab ak reprezantan kominote kote moun yo gen tikras revni yo. Anplis, mwen pral fòse kòlèg konseye minisipal mwen yo ak lidè minisipal yo pou yo kreye tan pou nou chita pale sou kesyon tikras revni kominote a. |
| **Jivan Sobrinho-Wheeler** | Mwen vle wè vil la ogmante jefò li sou sansiblizasyon epi kreye fason pou rive jwenn abitan yo kote yo ye a, pandan nou ap òganize deba ak reyinyon ofisyèl ak gouvènman nan lojman piblik yo. Mwen |

| | |
|---|---|
| | te fè jefò tou sou zafè swen timoun epi pou reyinyon minisipal yo te kapab fèt nan plizyè lang pou plis moun ka patisipe. Mwen frape anpil anpil pòt nan vil Cambridge nan mwa ki sot pase yo epi mwen apwoche abitan yo nan fason ki diferan paske mwen vle gen kontak dirèk avèk bon jan divèsite kominote epi koute tout difikilte yo ap rantre yo ak lide yo pou vil la—soti nan nesesite pou lojman ka vin abòdab, pou plis dlo sou plas yo espesyalman nan jou li fè pi cho yo. |
| **John Hanratty** | Mwen tande sitwayen vil Cambridge yo ki ap plenyen pou menm pwoblèm yo. Administrasyon minisipal la konplike epi konplèks. Lè mwen ale chache sou sit entènèt vil la, pwogram ki te ka bon pou pòv yo gaye epi yo difisil pou jwenn. Komite Opòtinite Ekonomik Cambridge (Cambridge Economic Opportunity Committee,CEOC) bay yon sèvis ki pi òganize men yo pa bay tout. Si vil gen yon sèvis espesyalize nan pwogram ki ap lite kont povrete, yo dwe mete sou pye yon pi bon fason pou fasilite kominikasyon yo konsènan tout pwogram nan vil la. Si pa gen sèvis espesyalize sa, yo ta dwe kreye li. |
| **Marc McGovern** | Lè mwen te majistra, mwen te kreye Ekip Pèsonèl Majistra a (The Mayor’s Outreach Team), kote nou te konn voye pèsonèl yo ale fè pòtapòt pou pale ak moun yo konsènan nesesite yo ak enkyetid yo. Mwen te yon gwo sipòtè Ekip Angajman kominotè a(Community Engagement Team), mwen te goumen pou ogmante finansman li. Men sa pa sifi. Mwen pase anpil tan ap vizite lojman piblik yo ak lojman pou granmoun yo, epi pa sèlman nan moman eleksyon. Mwen te finanse anpil lòd politik pou nou ka jwenn ekipman pou tradiksyon nan randevou minisipal yo, epi mwen toujou ap fòse lameri pou li fè yon pi bon travay pou nou rive touche kominote nou pa tande souvan yo. |
| **Patricia Nolan** | Youn nan fason vil la kapab louvri pòt li pi laj pou tout moun, se asire egalite lang yo - pou abitan ki pa pale anglè yo kapab patisipe tou. Mwen te premye moun ki te idantifye pwoblèm sa lè mwen te nan Kominote Eskolè a epi mwen rekonesan anvè Majistra a, Vis Majistra a, Konsèy jenès la ak tout staf konsèy la pou tout jefò yo pou jeneralize entegrasyon lang yo. Rezon ki fè mwen kòmanse ak lang se paske mwen konnen plizyè fanmi domi deyò pou sa - lè mwen te yon paran Amigos sa te klè pou mwen. Chita pale minisipal yo souvan pa itil anyen - menm si se yon pwogram, travay piblik oubyen pwojè konstwiksyon. Yon lide konkrè Lyetnan gouvènè Driscoll te pwopoze mwen epi mwen te mande vil la pou |

| | |
|---|---|
| | yo te prete atansyon avè li, lè sa li te majistra Salem - pou nou enstale lameri sou plas ki antoure vil la. Yon fason pou nou mete lameri pi prè katye yo. Mwen panse sa ka fè moun yo santi yo lakay yo. |
| **Paul Toner** | Mwen t ap travay ak staf minisipal la pou mwen asire mwen tout abitan angaje yo nan deba konsènan desizyon ki kapab afekte kominote nou an. Mwen t ap travay di espesyalman pou mwen asire mwen nou entegre abitan sa yo ki plis defavorise yo pandan nap chache pou nou redwi tout sa ki ka anpeche patisipe nan deba sa a: gadri, tradiksyon, òganize randevou yo kote ki ap pi aksesib pou moun ki plis touche yo. |
| **Robert Winters** | Chak jou mwen ap gen plis enterè pou asanble abitan yo tankou se yon diplis sou règleman minisipal la - yon fason k ap pèmèt nou genyen yon reprezantasyon ki pi laj ak pouvwa nou genyen pou nou oblije Konsèy minisipal la ak/oubyen Komite Eskolè pou vote sou politik ak rekòmandasyon asanble a. |
| **Sumbul Siddiqui** | Nou dwe elaji travay nou yo sou konsèy ak komisyon. Mwen goumen pou moun kapab jwenn sibvansyon men jis kounye se yon tikras moun ki jwenn li, alòs nou dwe fè plis jefò pou sa. Vil Cambridge la inik nan fason li angaje epi edike abitan li yo sou kesyon politik minisipal. Men patisipasyon sa pi fasil pou reyalize pou abitan nou yo ki gen yon travay ki ap peye yo byen epi ki gen tan lib. Anplis, vini nan reyinyon konsèy minisipal kapab yon eksperyans ki jennen li. Se poutèt sa mwen bay anpil enpòtans ak lè ou aktif nan kominote a epi sansiblize elektè yo. Biro mwen an ap travay chak jou avèk abitan yo pou kapab ede yo jwenn nenpòt ak tout resous yo bezwen. Mwen remake echanj ki pi enstriktif ak abitan yo plis rive nan aktivite anyèl ak aktivite regilye biro mwen an te lanse yo, tankou plis pase 20 è kafe mwen te òganize lane sa pou mwen rankontre chak grenn elektè lakay yo menm pou mwen ka tande yo dirèkteman. Mwen aktyèlman gen tou twa (3) gwoup mwen enstale ki pou travay sou Kriz Klima a, kriz moun ki pa gen kote pou dòmi, inisyativ Fare-free pou mwen ka tande abitan dirèkteman epi fè yo patisipe nan desizyon k ap pran yo. |
| **Vernon Walker** | Mwen ap òganize reyinyon katye nan tout katye vil la pou tout abitan yo ka rankontre mwen epi salye mwen. Mwen t ap renmen òganize reyinyon tou nan katye ki divèsifye yo tankou Pò (the Port) a Mwen vle moun yo konnen mwen aksesib epi zòrèy mwen prè pou mwen tande enkyetid yo epi travay mwen antanke defansè |

| | |
|---|---|
| | politik ap moutre sa. Mwen vle mete vwa moun yo mete sou kote yo nan chak decision mwen ap pran yo epi asire plas yo bò tab la. |

**Ki politik ak inisyativ ou mete sou pye pou anpeche deplasman, epi bay yon lavi miyò ak manb nan kominote nou an (sa vle di moun k ap viv nan lojman piblik yo, granmoun yo, moun ki soti nan lòt peyi yo, moun ki andikape, elatriye.)?**

| | |
|---|---|
| **Adrienne Klein** | Nou dwe miltipliye opòtinite yo ak aksè ak resous yo.<br>Mwen ap òganize yon lòt fwa ankò pwogram lojman pou tout moun epi kreye yon soutyen ak staf espesyalman pou patisipan yo. Mwen konnen pwogram sa, paske mwen suiv yo pou fanmi mwen ak pou yon santèn abitan nan vil Cambridge.<br>*Mwen ap kontinye jwenn fason poum soutni pwomotè yo, jesyonè byen imobilye yo ak propriyetè epi ankouraje jesyon responsab pou abitan kapab toujou gen kote pou yo dòmi epi toujou jwenn soutyen. Mwen konnen kijan pou mwen fè sa, mwen te fè li deja. Mwen te jwe yon gwo wòl nan fòse Havard ak WinnResidential pou bay abitan ki ap viv nan bilding yo eksplikasyon.<br>*Mwen vle lameri bay yon sipò teknik sipleman ak divès abitan ki ap eseye gen aksè ak sèvis yo.<br>- Mete sou pye sèvis asistans enfòmatik minisipal pou abitan yo kapab gen aksè ak sèvis minisipal yo anliy.<br>- Kreye yon pwogram asistans teknik ki konekte abitan yo ak founisè yo plis enfòmasyon.<br>- Kreye yon espas pou chache lojman nan yon sant miltisèvis pou nou kapab travay popilasyon ki pa gen kote pou dòmi an.<br>- Materyèl tradiksyon minisipal (fòmilè, gid, aplikasyon) nan plizyè lang. Kounye a Vil la gen anpil resous, men yo fasil disponib nan divès lang rezidan nou yo pale yo. |
| **Ayah Al-Zubi** | Nou bezwen pwoteje moun ki pi vilnerab nan kominote nou an atravè sèvis ki pale plizyè lang, aksè nan vizit lakay moun ki soti nan vil la, kreye yon biwo pwoteksyon lokatè pou pwoteje moun ki nan kondisyon lojman ki pa an sekirite yo.<br><br>Kantite moun mwen te pale avè ki ap fè fas ak rat, sourit, defo enfrastrikti, ak kondisyon danjere yo twòp.<br><br>Nou dwe reflechi tou sou aksè nan pak, sant kominotè, espas rafrechisman, ak pisin bò kote kominote ki pi vilnerab nou yo. Sa a se pou timoun yo jwe, pou kominote nou an gen bèt domestik, fè |

| | |
|---|---|
| | egzèsis, mache epi jwi vil nou an. Nou bezwen reflechi sou aksè a bisiklèt (ak kas sekirite, kadna) ak elaji li pou amelyore ak devlope kominote yo ak kreye espas kote yo ka rasanble epi jwe. |
| **Ayesha Wilson** | Antanke moun ki travay ak granmoun epi ki te grandi nan lojman piblik, mwen konprann enpòtans pou sipòte moun ki nan kondisyon vilnerab yo. Konsènan règleman espesifik, mwen gen entansyon envesti nan lojman piblik epi asire vil la kontinye sipòte inisyativ ki favorize ak ogmante lojman piblik tankou Lwa Pwoteksyon Lojman Abòdab (Affordable Housing Overlay). Mwen mete aksan sou granmoun yo nan kominote nou an paske yo toujou vize, neglije, ak abize yo. Nou dwe gen yon fason pou bay chèk byennèt epi mete yon liy pou ijans pou granmoun aje nou yo. Anplis, manm vilnerab nan kominote nou an yo toujou inyore sitou lè se pou finanse pwogram byennèt yo kote mwen gen entansyon redirije fon sa yo pou rezoud pwoblèm kominote sa yo fè fas la. |
| **Catherine Zusy** | Bay abitan ki pi vilnerab yo sèvis sosyal, bay pwogram fòmasyon pou travay, epi ankouraje edikasyon—tikè pou soti nan povrete a. Ankouraje vwazen ki pi rich yo pou yo konekte ak moun ki nan bezwen yo pandan yo ap bay granmoun ak timoun yo leson patikilye, òganize pwogram lekti epi ede yo itilize sèvis yo. 1:1 travay<br><br>Pandan dènye dizèn lane ki sot pase yo, mwen te fè sa poukont mwen e mwen te jwenn li trè satisfezan. Atravè<br>Amitye Mwen te ede ansyen yo jwenn sèvis ki nesesè yo, bay manje, mennen yo fè makèt, al wè doktè ak lopital la tou. Sa mwen remake: Li difisil anpil pou navige nan sèvis yo. Nou dwe rann li pi fasil, espesyalman, pou sila yo ki pa konnen entènèt twò byen yo.<br><br>Antanke Konseye Minisipal, mwen pral travay nan rejyon yo pou mwen kapab rezoud kriz lojman nou an—se yon pwoblèm rejyonal. |
| **Dan Totten** | Sa ki pi enpòtan nou bezwen repran kontwòl pri lwaye nan yon sèten fòm, epi mwen angaje nan travay nan nivo eta a ak Reprezantan Connolly pou fè konvèsasyon sa avanse pou pi devan. Zafè sanzabri sa dwe rezoud atravè yon envestisman lokal ak lajan taks pou premye fwa. Nou dwe ofri yon jesyon ka global atravè vil la epi nou bezwen bati plis lojman ki bay sipò pèmanan. Direktè minisipal la pa pran mezi pou aplike rekòmandasyon gwoup travay ekspè majistra a sou zafè sanzabri a. Nou bezwen etabli yon |

| | |
|---|---|
| | pwogram bon minisipal pou elaji sou Seksyon 8 ak ogmante kantite moun ki gen tikras revni ki ka viv nan vil la. Atravè bon lokal, nou te kapab<br>bay imigran san papye ki pa gen aksè yo priyorite pou sibvansyon federal. Nou dwe etabli konsèy legal gratis pou nenpòt abitan Cambridge k ap fè fas ak degèpisman oswa sezisman. Menmsi li pa dirèkteman yon politik lojman, men mete sou pye swen inivèsèl apre lekòl ta<br>gen yon enpak pwofon sou pri lavi a, espesyalman pou fanmi ki fèb. Lane denyè, vil la te refize 500 fanmi ki te mande rantre nan pwogram aprè lekòl la, ki te gen ladan li 100 fanmi ki fèb revni. Finalman, mwen vle mete aksan sou travay nou te fè pou sispann remòke machin moun nan kad netwayaj lari yo. Remòkaj se yon eprèv lou anpil ki pral mande pou w depanse anpil lajan pou frè. Orè penalite k ap moute a vle di ke si yon moun pa ka vini ak lajan an touswit, yo kòmanse fè dèt chak jou jiskaske moun nan vin pran l. |
| **E. Denise Simmons** | Nan dènye lane sa yo, mwen te youn nan lidè manm Konsèy laki tap goumen pou triple frè koneksyon yo, double pousantaj obligatwa nan inite enklizyon nan bilding rezidansyèl yo, ak pasaj nan distri Citywide Affordable Housing Overlay - ansanm, tout zouti sa yo ap kreye kondisyon ki pi solid pou kreyasyon ak prezèvasyon inite ki pi bon mache nan tout vil la, sa ki ofri nouvo espwa ak opòtinite pou manm ki pi vilnerab nou yo. Mwen te vote pou bay patnè nou yo nan sèvis legal Cambridge ak Somerville yo yon gwo finansman pou asire nou plis abitan k ap fè fas ak degèpisman yo pral gen aksè a yon reprezantasyon legal ki pa koute chè, epi mwen te ankouraje tou pou kreyasyon Lyezon Lojman an nan pozisyon Manadjè Vil la. Mwen pral kontinye travay ak aktivis lojman abòdab yo nan kominote nou an pou wè kijan politik sa yo ka ranfòse ak ogmante, epi pou aprann ki politik siplemantè ki kapab nesesè. |
| **Federico Muchnik** | Yon zanmi pa mwen ki nwa, ki avèg, ki gen 72 lane, ki dyabetik. Yon lokatè ki nan 21 Walden Square, oditè yo ki reprezante pwopriyetè bilding li a te konn vizite li chak ane - Winn Management - epi petèt vil la te ka patisipe tou. Oditè yo ta tcheke taks li yo, nan plizyè okazyon epi li te di l li te gen move rapò - yo te di li tou avni li nan 21 Walden te an kesyon. Odit la, KONBINE ak lane entimidasyon ak neglijans nèg sa a - ak anpil anpil lòt lokatè yo te sijè a pa pwopriyetè konplèks la (WinnManagement), kite l pa gen pyès chwa: kite katye li te pase tout lavi li a epi ale nan apatman Miller's |

| | |
|---|---|
| | River yo. Li t ap rete nan 21 Walden if a) direksyon an te respekte pa li nan kontra a epi li te repare/netwaye bilding yo, b) li pa t santi yo ta ka mande l pou l ale paske yon oditè te deside sa, epi c) si lwaye a pa t ap ogmante plizyè fwa pa omwen yon santèn dola chak ane. Kounye a, imajine yon imigran ki pa pale anglè ki gen pou fè fas ak yon senaryo konsa ankò lane aprè lane. Nou bezwen kreye plis Sètitid nan lavi moun ki pa gen dwa yo ke yo p ap mande yo kite sou yon teknik, ke kay yo pral jwenn menm trètman an Tandrès Swen Atansyon (TENDER LOVING CARE, TLC) ak pwopriyetè yo bay kay yo nan sektè prive a, epi ke lwaye yo ap rete. ki estab. |
| **Frantz Pierre** | Mwen ta renmen bese pousantaj sibvansyon an. Mwen vle asire moun k ap travay pou vil la gen mwayen pou yo viv isit la lè yo ogmante salè travay yo epi kreye yon pwogram ki pral ede fanmi yo aprann kijan pou yo bati richès jenerasyon an. |
| **Hao Wang** | Antanke yon egzekitif swen sante pou lavi, mwen te konprann efè faktè sosyal sante yo, tankou sekirite manje, sekirite lojman, ak transpò. Mwen konprann tou faktè sa yo afekte edikasyon ak opòtinite travay yo. Mwen ap goumen pou politik aprantisaj ak transpò ki ap kapab rezoud pwoblèm granmoun yo, imigran yo ak moun ki andikape yo. |
| **Jivan Sobrinho-Wheeler** | Gras ak adopsyon politik tankou ogmante finansman pou pwogram aprè lekòl ak gadri, ogmante finansman pou lojman abòdab, chanje lwa ki gen rapò dekoupaj zòn pou pèmèt konstriksyon lojman ki plis abòdab, ak rezo wo debi, Cambridge kapab tounen yon vil abòdab pou tout moun pandan y ap evite deplasman. |
| **John Hanratty** | Mwen panse sa a se yon pwoblèm enpòtan epi antanke yon Konsèy Minisipal mwen ta swete sipòte mezi ki baze sou done kantitatif. Mwen pa gen okenn politik espesifik pou m pwopoze men m ap kolabore pou entegre rezilta ki tanjib. |
| **Marc McGovern** | Antanke Majistra, mwen te lanse Gwoup Travay Minisipal sou Pwoteksyon Lokatè. Rapò sa a pèmèt ogmante finansman pou benefisye sèvis legal pou moun ki viktim degèpisman, ansanm ak yon Manyèl Dwa Lokatè, pou fòme moun sou dwa legal yo. Pou avanse nou bezwen elabore yon Deklarasyon Dwa Lokatè, ogmante finansman pou èd legal plis toujou, adopte politik estabilizasyon lwaye, ogmante manm estaf Biwo Lyezon Lojman nou an, ranfòse òganizasyon ki pa la pou fè pwofi nou yo, tankou CEOC, epi ogmante sèvis edikasyon, pou fè lokatè yo konnen dwa yo. |
| **Patricia Nolan** | Mwen respekte rezilta travay ki te fèt ki lakòz rapò gwoup travay |

| | |
|---|---|
| | sou deplasman lokatè - yo te soumèt nan lane 2019 epi yo poko aplike tout rekòmandasyon yo. Anpil fwa meri a fè etid, kolekte kòmante, aprèsa, retade aplikasyon. Selon mwen youn nan rezon ki fè lojman abòdab nou yo bezwen anpil lajan se paske pa gen okenn reparasyon ak antretyen ki fèt - sa ki vin mennen nan yon rekonstriksyon total, ki pi chè pase antretyen. Plis nou ekonomize nan pwojè sa yo se plis n ap ka finanse lòt pwojè lojman yo. |
| **Paul Toner** | Pou reyaji, mwen bezwen jwenn plis enfòmasyon sou difikilte moun genyen. Konsènan demenajman m ap kolabore ak CEOC, founisè lojman abòdab ki pa gen pwofi epi ki pa la pou fè pwofi pou devlope plis lojman abòdab. Mwen ta travay avèk CDD, Sèvis Enspeksyon ak Depatman Sèvis Sosyal nou an pou rann administratè pwopriyete yo responsab pou fè pwòpte, mete sekirite, ak aksè ansanm ak tout lakou. |
| **Robert Winters** | Youn nan lide se ankouraje devlopman plis lojman tranzisyon ki gen ekipman kolektif, sa vle di lojman "pou kounye a" pandan moun ka vin nan yon pi bon sitiyasyon. Mwen panse tout bon yo ta dwe bay granmoun aje yo ak moun ki gen andikap ki gen kèk opsyon pou jenere revni pou kouvri depans pou lokasyon yo priyorite. |
| **Sumbul Siddiqui** | Nou dwe kontinye soutni òganizasyon ki pa la pou fè pwofi nou genyen yo ansanm ak Sant Plizyè Sèvis pou ede rezidan yo gen estabilite nan kesyon lojman ak sèvis pou chèche lojman. Epitou li enpòtan pou asire w lokatè yo gen aksè ak enfòmasyon enpòtan yo, se poutèt sa nou te adopte Òdonans Dwa ak Resous Lokatè yo. Youn nan rekòmandasyon gwoup travay lan se fè yon patenarya pèmanan, Alyans Lokatè Cambridge (Alliance of Cambridge Tenants, ACT) pou kontinye bay sèvis sa yo epi konstui kapasite òganizasyon li yo pou tout tan. Pandan dènye trimès lan, nou te kapab bay ACT yon finansman, epi objektif la se kontinye bay yo sipò. Nou dwe kontinye kolabore ansanm ak pwopriyetè kay nou yo pou diminye kantite mezi yo pran kont lokatè yo ki abouti nan pwosedi tribinal ki gen rapò ak degèpisman. Tout pwosedi tribinal ki gen rapò ak degèpisman, kèlkeswa rezilta a, kapab se yon responsablite alontèm pou yon lokatè epi li ka anpeche yon lokatè jwenn lojman ki nesesè alavni. Ankouraje Meri a ansanm ak founisè lojman li yo pou diminye kantite mezi ki enpòtan yo. Lòt estrateji yo gen ladan li elaji sèvis prevansyon sanzabri, tankou resous ak sipò ijans, sèvis legal ak medyasyon ak konsèy pou prevansyon ipotèk. Mwen te defann enterè rezidan bò kote Fondasyon Lojman Bon Mache (Affordable |

| | |
|---|---|
| | Housing Trust) pou asire yon pi bon kondisyon lavi ak yon jesyon ekitab WinnCompanies. |
| **Vernon Walker** | Pwojè "Affordable Housing Overlay 2.0" se yon inisyativ mwen bay sipò epi mwen panse sa a se yon fason pou kreye plis lojman abòdab nan vil lan.<br><br>Mwen vote pou gen yon liy dirèk pou asistans pou lokatè yo 24 èdtan chak kote lokatè ki nan diskisyon ak mèt kay yo ka rele, esp. si mèt kay yo fèmen yo deyò nan apatman yo oswa nan kay yo. Liy dirèk pou asistans ki disponib 24 èdtan chak jou an ap kapab di lokatè ki gen pwoblèm yo ki dwa yo genyen.<br><br>Epitou vote pou gen yon sistèm transpò piblik sou demann ki ta pèmèt granmoun aje yo, moun ki gen revni fèb, elatriye pou deplase nan vil la. Yon sistèm tankou Lyft ak Uber men se meri a ki pou ta sibvansyone li epi ale ak moun nan randevou medikal, reyinyon enfòmasyon, elatriye. |

**Ki politik ak inisyativ presi ou pwopoze pou kreye posibilite lojman abòdab? Ki enpòtans nou dwe abitan katye yo nan pran desizyon konsènan rekonstriksyon nan Vil lan?**

| | |
|---|---|
| **Adrienne Klein** | *Mwen pral kolabore pou ogmante lojman atravè Prim Lojman Abòdab la epi senplifye òdonans zòn lan pou mete fen nan zòn ki gen restriksyon epi pèmèt lojman plizyè inite. Sa ka gen ladan li divizyon gwo kay epi kreye kay ki gen twa (3) etaj, duplex, ak lòt apatman nan tout katye Cambridge, epi dekouvri opsyon lojman sosyal.<br>* Mwen vle amelyore pwogram lojman entegre Cambridge genyen yo pou agrandi revni mwayen pwopriyetè kay yo, epi dekouvri lòt posibilite konstriksyon ki jis.<br>* Mwen vle mete fen ak frè lokatè yo ap bay pou koutye ede yo lwe yon apatman ki ka ajoute plizyè milye dola nan pri pou jwenn yon kote pou abite nan Cambridge.<br>*Mwen panse akseptasyon ak entegrasyon katye a enpòtan pou kreye kominote dinamik. Vwazen yo ta dwe gen posibilite pou yo patisipe nan konvèsasyon an epi f& kòmantè sou pwojè yo, bay lòt lide, epitou pou yo bay enfòmasyon sou kriz lojman an epi angaje yo nan opòtinite pou rankontre ak vwazen yo aprè yo fin demenaje. Desizyon se sèlman devlopè ni yon ti gwoup ki bay opinyon yo ki dwe kapab an mezi pou kanpe konstriksyon lojman abòdab. |

| | |
|---|---|
| **Ayah Al-Zubi** | Nou bezwen plis lojman sosyal, nou bezwen yon pwogram lojman sosyal, nou bezwen ogmante bon yo, nou bezwen plis sipò pou abri ak resous pou kominote sanzabri a, epi ranfòse pakou nou pou tounen pwopriyetè kay. Mwen panse tout rezidan yo ta dwe gen yon mo pou di nan desizyon k ap pran yo, men sitou sa yo nou pa tande opinyon yo ase yo epi sa yo ki pa gen tan yo pou soti epi di sa yo panse yo. Mwen vote pou politik Pwoteksyon Lojman Abòdab epi mwen vle kontinye devlope sa.<br><br>Se yon privilèj pou gen tan ak aksè pandan sa koute chè anpil pou viv nan Cambridge.<br>Ta dwe gen reyinyon nan Meri a k ap akeyi fanmi, timoun, paran sèl, granmoun aje, elatriye pandan diferan lè nan jounen an! Sa ta dwe fèt ak plizyè moun nan kominote a epi nan plizyè zòn.<br><br>Epi li nesesè pou inove plis nan kesyon lojman abòdab-nou dwe reflechi anpil ak granmoun aje nan Cambridge ki pa kapab okipe kay ak travay chak jou ki gen kay yo epi ki ka petèt lwe kèk chanm an echanj pou moun ede yo nan kay la. Lòt vil ki gen mond lan fè sa ep sa ka ogmante kapasite nou genyen yo. Nou dwe kenbe konvèsasyon ak onète epitou asire gen yon pakou pou jenerasyon Cambridge lan fè richès. |
| **Ayesha Wilson** | Antanke rezidan Cambridge depi toutan an nèt, ki te evolye nan devlopman lojman Jefferson Park, ki te benefisye yon bon Seksyon 8, epi k ap travay avèk jèn epi fanmi ki nan Administrasyon Lojman Cambridge, mwen konnen plizyè difikilte ki genyen nan lojman ki gen nan mitan kanmarad mwen yo ak anpil lòt moun k ap viv swa nan lojman revni fèb oswa moun k ap viv nan yon lojman revni mwayen oswa modere oswa moun tankou mwen ki se paran selibatè, revni mwayen, ki pa kapab peye gadri ak lojman nan Cambridge. Mwen pa kapab tann pou mwen fè opinyon moun ki dwe pran desizyon pou yo kite Cambridge paske yo pa gen mwayen pou yo viv isit la ankò. Vwazen ki nan katye yo se moun ki santi efè politik yo chak jou epi yo ta dwe pran desizyon san pèdi tan. Meri a fèt pou sèvi rezidan Cambridge yo, kidonk li lojik pou di rezidan Cambridge yo pran desizyon ki afekte yo. |
| **Catherine Zusy** | Fè resansman teren ki gen nan vil lan epi mande moun ki nan kominote a kòmantè yo sou bon kote pou mete AH lan. Fè katye yo patisipe nan deba a! Mwen panse pifò abitan Cambridge konprann bezwen an epi gen anvi fè sa ki dwat. Kreye posibilite pou rezidan ki |

| | |
|---|---|
| | pi rich yo bay lajan epi pwopriyete yo pou AH lan fèt. Just a Start te lanse yon pwogram tankou sa a. Mwen panse si moun te konnen nan ki nivo donasyon filantwopik yo t ap itili, yo ta bay. |
| **Dan Totten** | Nan sa ki konsène enfliyans vwazen yo nan katye a, mwen vote pou gen yon pwosesis konsiltatif AHO pou nouvo lojman abòdab. Mwen te remake pwosesis sa a te byen fonksyone nan katye mwen an nan 116 Norfolk, kote kòmantè vwazen yo te pèmèt yo kreye yon espas lib pou vwazen yo san yo pa pèdi yon lojman pou pi piti. Tout lòt bagay ki pa yon revizyon konsiltatif pou lojman abòdab vle di vwazen yo ka bloke pwojè a pandan y ap depoze yon plent.<br>Antanke asistan Konseye Zondervan, aktyèlman mwen ede elabore amannman yo nan kesyon Pwoteksyon Lojman Abòdab kounye a ki devan konsèy la. Travay enpòtan sa a fasilite konstwi lojman abòdab nan chak katye ki gen nan vil lan. Gen anpil moun ki opoze ak travay sa a ki gen move entansyon paske y ap òganize plis lojman pou revni fèb nan katye yo - men sa a se yon kote genyen yon ekip solid nan konsèy la ki kenbe fèm sou yon<br>priyorite ekonomik ak jistis rasyal ki enpòtan. De (2) pi gwo inisyativ mwen yo m te deja dekri yo pi wo a - nou bezwen aplike<br>pwogram bon minisipal lan epi nou bezwen biwo manadjè meri a patisipe nan finansman priyorite Gwoup Travay Espesyal sou Sanzabri, pandan y ap itilize lajan kontribyab yo si sa nesesè.<br>Ann fè presyon sou MIT pou li fè renovasyon nan 240 Albany Street pandan l ap fè lojman ki gen sipèvizyon pèmanan nan kad nouvo Règlemansou Lojman Abòdab, ki otorize 12 etaj nan Albany Street.<br>Ann ankouraje Kominote Caritas lan pou li renove Kay Prensipal YMCA a pou li gen ekipman ki nesesè pou rezidan yo tankou yon kizin kominotè. |
| **E. Denise Simmons** | Aktyèlman, Konsèy la sou pwen pou li adopte amannman òdonans ki kouvri Lojman Abòdab, epi mwen ensite pou yo adopte li. Mwen retounen nan Plan Global sou Lojman mwen te kolabore ak yon kantite aktivis nan kesyon lojman (sitou Cheryl-Ann Pizza-Zeoli) epi mwen te prezante Konsèy Minisipal lan nan mwa septanm 2017 pou etabli yon lis inisyativ adisyonèl mwen ta renmen dekouvri ak fè. Mwen pa panse rezidan katye yo ta dwe gen kapasite pou bloke oswa anile devlopman yo pwopoze yo, amwenske yo patisipe nan kòmantè piblik oswa adrese manm Konsèy la, epi se youn nan rezon ki fè mwen te ensiste pou yo vote AHO antanke lwa. Genyen twòp pwojè lojman abòdab ki t ap anile depi nan kòmansman an si pifò abitan ta gen dènye mo pou yo bay. |

| | |
|---|---|
| **Federico Muchnik** | Yon bilding ki 15 oswa 12 etaj parèt sispèk epi sa merite pou poze kesyon sa: ki moun ki benefisye sa? Antouka devlopè yo. Epitou politisyen yo ki defann Politik Pwoteksyon Lojman epi pandan manda yo te ajoute yon kantite X inite. Wi, sa se verite, lokatè yo benefisye - men sèlman nan kèk pwen. Yon lòt pwopozisyon: Lojman bon mache konstui nan respè lwa anviwònman. Bilding ki genyen senk (5) oswa sis (6) etaj ki nan Mass Avenue kote wotè a ap diminye toutotan l ap rapwoche bò lar sa ka bay bonjan rezilta. Moun ki rete nan nouvo lojman abòdab yo p ap santi yo tankou moun ki fenk parèt nan bilding ki wo "sa yo". Devlopè yo pral fè mwens lajan, sa pa pwoblèm, nou vle yo sèvi piblik la. Politisyen yo pral popilè paske yo konstui yon kantite X inite yo men paske y ap defann opinyon vwazen yo. Epitou nou bezwen fè plis revizyon ak kontribisyon, sitou nan men tout moun, epi APRÈ konsèy planifikasyon an ak AHT a te analize yon plan. Ann fè yon gwo analiz sou yon pwendvi anviwònman an. Sa pa enpòtan pou konnen wotè yon bilding ye - plis bilding lan pi gwo se plis enèji li pran pou li chofe oswa refwadi - klimatizasyon ak chofaj santral lan tou senpleman p ap ede ekonomize enèji menm jan ak bilding ki ba oswa pa twò wo ki nan mitan yon pakèt pyebwa ki li kenbe li fre pandan sezon ete a epi pwoteje li pandan sezon fredi a. Poze nenpòt moun kesyon si yo ta pito viv nan twazyèm etaj ak vantilatè nan plafon epi ak fenèt yo louvri oswa nan dizyèm etaj ak klimatizè epi ak fenèt yo fèmen pandan toutan. |
| **Frantz Pierre** | Mwen rete kwè kominote a ta dwe gen tout jounen an epitou yo ta dwe resevwa kèk avantaj tankou travay, lojman ak edikasyon gratis pou rezidan yo. |
| **Hao Wang** | Nou dwe kenbe pwomès nou pou konstui ase lojman abòdab nan Cambridge. Sa a se yon objekti ki site nan Envision Cambridge. Nou ta dwe travay an kolaborasyon pou kreye envantè lojman abòdab sa a epi byen rapid. Nou fè sa nan respè nou gen pou katye nou yo ansanm ak pwomès nou te pou konsève katye nou yo ak karakteristik Vil lan. Antanke yon konseye minisipal, eepi antanke yon enjenyè, mwen pral fè yon analiz global sou solisyon ki ka abòde bezwen lojman abòdab epi deranje katye nou an mwens. Yon Cambridge moun kapab viv ladan li P AP deplase rezidan k ap viv la lontan nou genyen yo tankou granmoun aje, entelektyèl, ak travayè enpòtan nou yo. Nou pa ta dwe nan konstui san règ pandan n ap inyore mwayen pou yo viv ak pwendvi vwazen nou genyen yo. |

| | |
|---|---|
| **Jivan Sobrinho-Wheeler** | Nou dwe ogmante finansman epi chanje lwa sou dekoupaj zòn yo pou otorize yon lòt fwa ankò kategori lojman ki pi bon mache yo. Kounye a, anpil kote nan vil la, li ilegal pou konstui lojman pou moun ki gen revni fèb ak modere akòz gwosè teren an ak maj lalwa sou dekoupaj zòn lan pwopoze sou esklizyon apati epòk repozisyoònman yo. Lwa sou Lojman Bon Mache ("Affordable Housing Overlay"), mwen te travay sou li pandan premye manda mwen an, ak amannman li yo, se yon lòt gwo etap nan devlopman inite lojman ki pi bon mache yo. Byenke lwa eta a mande pou abitan katye ansanm ak lòt rezidan yo bay kòmantè yo, nou pa oblije pèmèt abitan katye yo gen yon dwa vòt reyèl lè moman an rive pou kreye kalite lojman ki pi bon mache yo nan Cambridge. |
| **John Hanratty** | Mwen kwè lojman abòdab yo ta dwe entegre nan katye yo. Izòlman moun ki gen revni fèb anpeche yo genyen aksè ak opòtinite yo epi rantre nan kominote a. Mwen rete kwè enplikasyon katye yo nan desizyon yo enpòtan anpil. Selon eksperyans mwen genyen, rezidan yo reponn ak bezwen pou gen lojman abòdab. Jeneralman preyokipasyon yo se pou kalite lavi a epi kote pou viv, sa ki ta ka afekte nouvo rezidan yo tou pou gen lojman abòdab.<br><br>Pou rezon sa a, mwen pa aksepte bilding ki wo yo nouvo dekoupaj zòn Lojman Abòdab yo ankouraje a. |
| **Marc McGovern** | Mwen kontan paske se mwen menm ki te otè prensipal Lwa Pwoteksyon Lojman Abòdab (Affordable Housing Overlay, AHO) epi pou mwen te youn nan esponnò amannman ki te depoze pandan manda sa a. Nan espas 3 lane sèlman, AHO a te pèmèt kreye plis pase 600 inite lojman 100% abòdab aktyèlman ki ankou devlopman. Inite sa yo pral chanje lavi moun pandan plizyè deseni k ap vini.<br><br>Epitou mwen te kolabore nan yon dekrè pou ogmante finansman pou Fidisi Lojman Bon Mache (Affordable Housing Trust) pandan li bay $20 milyon, kpte gen 5 moun sou 4 te vote.<br><br>Mwen vote pou mete fen ak zòn eksklizyon lojman abòdab yo kapab konstui nan chak katye.<br><br>Nou dwe kreye yon pwogram bon meri a finanse pou elaji bon lojman pou moun ki gen revni fèb ak modere. |

| | |
|---|---|
| | Nou dwe devlope sèvis èd pou lojman.<br><br>Prèske tout kandida pral di y ap sipòte lojman abòdab lan. Kesyon an se, èske y ap vle vote li? Èske yo pare pou yo riske eleksyon yo? Se la ou pral wè diferans ki genyen reyèlman kiyès nan nou menm ki vrèman ap sipòte lojman abòdab lan.<br><br>Se yon bagay ki nòmal pou abitan katye yo patisipe nan deba sou devlòpman lojman, men yo pa ta dwe gen dènye mo nan desizyon an, sitou lè moman rive pou kreye lojman abòdab. Lojman abòdab se premye objektif rezidan yo, administrasyon minisipal lan ak Konsèy Minisipal lan, kidonk chak katye dwe fè pati solisyon an.<br><br>Dekoupaj zòn se preyokipasyon alavni epi n ap fè fas ak kriz lojman ki p ap rezoud ak estati quo an. Nou mete odas, epi oze di, radikal. |
| **Patricia Nolan** | Nou dwe ankouraje plis lojman pou revni melanje - pwogram entegrasyon an se yon bon kòmansman ki gen 20% lojman abòdab. Mwen vote pou genyen yon frè transfè ki ka bay plizyè milyon dola anplis nan Fidisi Lojman Bon Mache a. Mwen vote pou gen ogmantasyon nan frè lyezon. Epitou nou dwe kolabore ansanm ak pwopriyetè teren yo tankou gwo pakin - gen twa (3) gwo - Porter Square ak de (2) nan Fresh Pond ak mwatye youn nan Twin City - kote yo tout ta dwe se lojman abòdab oswa lojman revni miks ki gen yon pousantaj lojman abòdab ki enpòtan. Yo ta dwe ajoute ak konsidere enfliyans abitan katye yo, epi yo pa dwe la pou pran desizyon. Egzanp FRost Terrace montre lè abitan katye yo enplike yon bon pwojè lojman abòdab a 100% kapab rive reyalize. |
| **Paul Toner** | Mwen vote pou devlopè yo genyen plis posibilite pou konstui lojman ki pi bon mache. Jeneralman mwen sipòte premye AHO an ansanm ak yon pati nan AHO.2, sepandan mwen panse ta dwe gen kèk diferans pa rapò ak wotè bilding lan nan zòn sikilasyon nou yo. Epitou mwen vote sipòte pou meri a achte lòt pwopriyete epi revize pwopriyete aktyèl yo pou gade devlopman posib nan kad lojman abòdab. Mwen vote pou yo itilize resous vil nou yo nan pi bon fason an pou bay plis opòtinite pou pwojè devlopman lojman abòdab lan epi mwen panse nou ta dwe travay pi sere pou devlope patenarya piblik-prive pou kreye plis pwopriyete/revni miks.<br><br>Nan sa ki konsène abitan katye yo, selon AHO aktyèl la ak pwopozisyon AHO.2 pwopozisyon abitan katye yo pa gen anpil |

| | |
|---|---|
| | enfliyanse nan yon pwojè AHO. Mwen kwè devlopè yo ta dwe kolabore ansanm ak abitan katye pou tante abòde enkyetid yo men finalman yo pa ta dwe kapab anpeche yon pwojè pou pwogrese. |
| **Robert Winters** | Mwen pa aksepte ansanm ak okenn vèsyon nan Pwoteksyon Lojman Abòdab lan. Mwen panse yon pi bon solisyon an se t ap yon pwosesis pèmi espesyal nan kad kote devlopè lojman ki reponn ak kritè presi pou lojman abòdab lan ta kapab konstui yon ti jan pi wo ak pi pre sòl lan pandan Komisyon Konsèy administrasyon an bay apwobasyon amwenske yo respekte kritè espesifik yo. Mwen pa aksepte ak ide "Trustable Housing Trust" ki pa nonmen ta dwe gen tout otorite pou fè sa yo vle san yo pa fè okenn revizyon. |
| **Sumbul Siddiqui** | Mwen t ap pwopriyete ki nan Vil la priyorite ak lòt pwopriyete piblik ki disponib pou devlope lojman, epi achte nenpòt pwopriyete (pa egzanp tankou sa nou genyen nan Inivèsite Lesley) pou favorize lojman ki pi bon mache yo. Yon lòt priyorite se ogmantasyon fon minisipal lan ki egziste deja epi dekouvri opsyon pou lòt sous revni ak sipò pou lojman abòdab. Epitou mwen enterese anpil pou sipòte demach lejislatif ak lòt demach pou amelyore pwoteksyon lokatè ki riske demenaje yo. Mwen vote pou genyen chanjman nan kesyon dekoupaj zòn lan pou pèmèt plis lojman, sitou lojman abòdab, konstui aks wout prensipal, plas, ak nan lòt zòn ki gen kapasite pou akeyi devlopman epi pou gen transpò piblik. Lòt lide parèt tankou bon minisipal yo epi kreye yon obligasyon lojman abòdab pou konstui plis lojman abòdab. Mwen te kolabore pou agrandi kalifikasyon pwogram Homebridge lan jiska 120% revni mwayeb zòn lan, pou asire tounen pwopriyetè yon kay se yon reyalite pou moun atravè tout kategori revni yo. Mwen vote pou Pwoteksyon Lojman Abòdab pou ogmante kantite lojman an. Mwen toujou konsidere pendvi tout rezidan yo lè m ap pran desizyon, men kriz lojman an twò ijan pou inyore tout pakou pou ogmante posibilite lojman abòdab lan. |
| **Vernon Walker** | Mwen panse meri a dwe fè eksperyans ak yon koupon lojman minisipal k ap pèmèy yo bay sibvansyon pou peye lwaye a pou pi piti pri, pou moun ki pa gen mwayen yo ak klas mwayèn nan. Mwen pa panse abitan katye yo ta dwe gen anpil enfliyans nan kesyon pran desizyon meri a ap pran nan kesyon konstriksyon.<br><br>Si abitan katye yo te fè wout yo, Frost Terrace ki se yon bèl bilding lojman abòdab 100% ki gen plis pase 20 apatman pa t ap konstwi. |

**Konsènan pwoblèm sante mantal ak move sibstans k ap ogmante chak jou nan kominote nou an, ki plan w genyen pou w travay men nan men ak yon ekip espesyalis swen sante lokal, òganizasyon kominotè, ajans kominal ak abitan yo pou nou jwenn yon bon estrateji ki kapab ede nou konbat pwoblèm sante mantal sa ak kriz move sibstans sa yo epi asire byennèt abitan vil Cambridge yo?**

| | |
|---|---|
| **Adrienne Klein** | Mwen te yon manm Gwoup Travay Meri a pou Sanzabri epi mwen vle pou yo aplike rekòmandasyon yo nèt. Epitou mwen te gen posibilite pou m pran yon fòmasyon sou Desansibilizasyon baze sou Twomatis m ap rekòmande bay konseye yo. Mwen apiye dekrè ki fenk sòti a ki mande Manadjè Meri a pou li kolabore ansanm ak depatman minisipal yo sou pwoblèm ki nan Pak Santral (Central Square), olye pou yo kreye yon nouvo gwoup travay. M ap oryante moun yo souvan pou yo ale nan sèvis aksè swen sante konpòtman/swen ijans CHA nan Lopital Cambridge, epi m ap chèche tout posibilite pou ogmante kouvèti sa a ak lòt sèvis tankou First-Step pou manm kominote nou yo. Mwen vote pou mekanis lòt entèvansyon tankou HEART ki pral asire sitiyasyon sante mantal ak konsomasyon dwòg pa ogmante akòz entèvansyon ajan lapolis yo. Mwen rekonèt jefò ki te fèt pou ogmante kantite travayè sosyal nan lekòl nou yo, nan bibliyotèk nou yo, ak nan Seksyon Fanmi ak Jistis Sosyal nan depatman lapolis lan. Mwen vle kreye yon pozisyon ki la menm pou fè rechèch lojman nan Sant Plizyè Sèvis pou travay ak popilasyon sanzabri a epi agrandi sèvis entegre ak opsyon lojman meri a sipèvize. Sitou mwen vle analize posibilite pou chanje kontra Meri a genyen ansanm ak Heading Home paske entèraksyon mwen ansanm ak ekip yo a se yon bagay ki pa te estad. Mwen pral kontinye rankontre moun k ap bay moun ki gen pwoblèm ak dwòg epi sante mantal pou asire yo gen resous yo bezwen pou kontinye reponn ak bezwen sa yo. |
| **Ayah Al-Zubi** | Nou dwe patisipe nan sèvis sante mantal. Nou ta dwe kolabore ansanm ak Depatman Sante Cambridge pou jwenn fason inovatè pou amelyore aksè ak terapi epi pwogram sipò finansye anliy. Nan sa ki konsène konsomasyon dwòg, Somerville te fè gwo travay sansibilizasyon gras ak plizyè kanpay ak enstitisyon ki bay fòmasyon. Nou dwe imite epi asosye ansanm ak yo! Nou dwe asire nou fasilite aksè ak sant distribisyon materyèl enjeksyon nan Cambridge, epitou asire gen yon relasyon solid ant chèltè nou yo ak gouvènman an nan yon pendvi resous. Fòk gen yon antite ki bay sipò pou pran swen kominote nou an ki gen pwoblèm ak sanzabri ki bay sèvis |

| | |
|---|---|
| | global epi ki kreye espas ki gen sekirite pou itilize san pwoblèm sekirite paske nou dwe konprann epi respekte twoub ki lye ansanm ak konsomasyon dwòg ki se yon pakou ki mande sipò pandan tout tan san okenn eksepsyon. Se yon popilasyon ki fèb men se pa yon popilasyon ki koupab. Nou dwe envesti nan HEART - Ekip Entèvansyon Global nan Ka Ijans. Nou dwe kreye powgram kominotè ki santre sou gerizon bagay nou kapab fè gras ak HEART. ENVESTI NAN MOUN! |
| **Ayesha Wilson** | Menm anvan pandemi an nou te remake gen yon ogmantasyon nan sèvis sante mantal lakay vwazen nou yo pandan tout lavi yo. Malerezman depi Covid-19 lan, bezwen pou benefisye sèvis sante mantal yo tèlman anpil, ajans ki bay sèvis yo gen lis datant ki ale sou plizyè mwa. Nou dwe envesti nan ogmantasyon sèvis nou yo pou asire tout moun ki bezwen gen aksè yo jwenn aksè. Nan sa ki konsène konsomasyon dwòg, nou dwe asire nou moun aktyèlman k ap konsome dwòg yo kapab jwenn sèvis yo genyen bezwen an. Menm jan an tou, nan kesyon sante mantal, li enpòtan anpil pou sèvis sa yo devlope, pou tout moun konnen yo epi pou tout moun gen aksè byen fasil pou nenpòt moun ak tout moun ka jwenn èd yo bezwen epi yo merite a. |
| **Catherine Zusy** | Mwen te vle asire tout sèvis founisè sa yo ap travay an kolaborasyon, pou yo pa double sèvis yo, epi evalye siksè pwogram yo sou yon long dire. Aprè evalyasyon sa a, nou t ap rekonfigire tout bagay nan jan sa dwe ye. Dènye etap sa—mete an aplikasyon—se sa nou souvan pa fè. |
| **Dan Totten** | Mete Cambridge HEART tankou yon repons ranplasan pou apèl 911 ki pa ijan yo. Nou bezwen pwofesyonèl fòme ki soti nan kominote a pou bay swen ak soutyen ak sila yo ki bezwen èd, nan plas polisye ki ap ofri nou prizon. Nou bezwen amelyore pratik nou an nan rediksyon ris nan Cambridge - sa konsène sit konsomasyon an sekirize yo, aksè fasil ak gratis nan Naxolone (Narcan), riban tès fentanyl yo, ak fòmasyon pou itilize Naxolone. Rekrite jesyonè ki konplè, etabli sipò lojman pèmanan, ak<br>Mete an aplikasyon lòt rekòmandasyon Gwoup Travay Espesyal konsènan Sanzabri yo tèlman enpòtan pou rezoud pwoblèm sa yo. Lè moun yo nan difikilte, nou dwe ede yo.<br>Nou bezwen diskite tou sou sante mantal nan lekòl yo - estatistik moutre nou 20% nan elèv lekòl segondè nan Cambridge te konn gen fè tantativ swisid nan ane ki sot pase a, chif sa ogmante jiska |

| | |
|---|---|
| | 43% pou elèv ki pa santi yo konfòm ak sèks yo. Nou bezwen retounen ak parapwofesyonèl yo nou retire nan lekòl nan dènye ane a epi ajoute yon pwofesyonèl sante mantal devwe nan chak lekòl nan distri a. |
| **E. Denise Simmons** | Sa se yon pwoblèm ki konplike, ki difisil pou rezime menm ak 2000 karaktè. Men, ankadreman an nan kesyon an kòrèk: li pral pran yon apwòch kolaboratif nan mitan nou, tout sa pou evalye sitiyasyon an epi idantifye solisyon ki posib yo, epi nou tout dwe dispoze pou pran kèk desizyon difisil. Pou egzanp, repons ki pi fasil pou anpil moun sanble se "Mete tout nouvo sèvis sosyal yo nan Central Square," sa ki daprè mwen se konsantre tout pwoblèm sa yo yon sèl kote epi pètèt fè yo vin pi grav. Li pral vrèman pran yon apwòch kominote pou devlope repons solid - repons ki baze sou senpati ak konpreyansyon nou ap fè fas yo ak moun ki gen difikilte yo. Nou pa dwe kriminalize konpòtman yo, men nou pa dwe mete tèt nou nan sab tou pou nou di pa gen anyen ki ka fèt, sa se jis pri viv nan vil la. Dènyèman, mwen te entwodui yon dekrè ki konsantre sou kalite pwoblèm lavi nan Central Square, epi mwen te note te gen anpil etid, komisyon, gwoup travay, ak rapò sou trètman pwoblèm sa yo depi 40 ane. Se pa mank lide ki te bloke nou, se swivi ki pa fèt sou anpil rekòmandasyon ki te pibliye. Li se tan pase pou nou revize tout rekòmandasyon yo te pibliye pandan plizyè lane yo epi kòmanse aplike yo. |
| **Federico Muchnik** | Yon pakèt faktè te kreye yon tanpèt pafè. Kisa pou nou fè fas ak tout mizè sa yo? Nan nivo lari a, nou bezwen mete plis Narcan gratis posib. Abri pwovizwa yo bezwen mete li, lekòl yo bezwen genyen li, li ta dwe parèt nan tout twous premye swen, elatriye. Maladi mantal se maladi ki nan tout kondisyon pi difisil pou geri. Rezoud pwoblèm epi lòt solisyon ap vini. Pwòp listwa pa mwen: Mwen te lite ak depresyon detanzantan pandan yon pakèt tan nan lavi mwen epi mwen vin aprann a) evantyèlman li bese b) men pa san èd epi c) se gras ak terapi epi nan anpil ka, medikaman. Poutan, terapi ak medikaman yo prèske enposib pou bay moun ki ap fè rezistans yo, ki ap viv nan lari, epi ki pa gen estabilite nan lavi yo. Byennèt abitan nan vil Cambridge yo depann an gwo sou dezi yo pou yo byen. Kreye dezi pou chanje epi chanjman ap fèt. Endistri swen sante a, òganizasyon kominotè yo, ak ajans minisipal yo manke pèsonèl. Sa nou panse si nou mete chwa terapi yo disponib atravè pwogram yo? Nou te wè ki jan sesyon terapetik gide yo ak psikedelik yo te ede veteran yo retounen ak Twoub estrès pòs-twomatik (Post- |

| | |
|---|---|
| | Traumatic Stress Disorder, PTSD). Nou konnen kijan ketamin ka ede geri maladi mantal ak depresyon. Nou genyen Kanabidyòl (Cannabidiol, CBD) deja ak marigwana medikal. Sa moun ki anba gwo presyon yo bezwen, poutan, se yon bagay ankenn nan bagay sa yo pa ka bay: kominote, koneksyon, yon katye, epi santi yo dezire, wi - menm pou yo ta santi moun renmen yo - si se pa sa, yo vle itil yon moun atravè yon travay oswa yon sèvis. |
| **Frantz Pierre** | Pandan dènye pòs nan Boston Medical Center. Mwen te fè pati pwogram Elders living at home ki te òganize epi ki te kòmanse pwogram lojman nan Cambridge Housing ak YWCA ak apatman Manning la. |
| **Hao Wang** | Mwen te komisè adjwen Biwo Sante Mantal Eta New York, pi gwo sistèm sante mantal nan peyi a, pandan kat lane. Nan nivo direksyon jeneral ak nivo aplikasyon lokal, mwen te jwenn eksperyans pou rezoud kriz sante mantal ak adiksyon. Nan plis pase twa lane ki sot pase yo, mwen te travay antanke yon chèf egzekitif nan yon ajans sante ak sèvis imen ki san bi likratif, bay sèvis sante ak sèvis imen pou moun ki gen maladi mantal grav, itilizasyon dwòg, abi opyoyid, ak sanzabri. Nan nenpòt moman nan twa (3) lane ki sot pase yo, plis pase 3,000 Nouyòkè atravè senk (5) awondisman yo te rele òganizasyon mwen an lakay yo. Nou te dirije sèl abri veteran nan vil Nouyòk, epi nou jere enstalasyon tankou lojman kolektif ak lojman pou abitan selibatè yo ak pou moun ki pa gen kay yo. Mwen gen eksperyans nan travay ak òganizasyon san bi likratif nou yo pou fè fas ak kriz k ap parèt nan sante mantal, adiksyon, prevansyon swisid, ak sanzabri. |
| **Jivan Sobrinho-Wheeler** | Vil Cambridge dwe finanse plis resous sante mantal. Kounye a, anpil resous pa abòdab pou anpil abitan ki gen fèb revni ak mwayen. Bay plis sante mantal ak resous rekiperasyon pral ede amelyore lavi abitan yo ak byennèt kominote nou yo. |
| **John Hanratty** | Pandan mwen ap pale ak abitan yo, mwen tande yon gwo enkyetid konsènan efè adiksyon an te koze sou kominote a. pwoblèm sa a gaye nan tout peyi a epi li pa fasil pou rezoud lokalman. Adikte yo p ap kapab itilize abri paske dwòg yo entèdi Mwen ta renmen etidye sit piki ki sekirize yo ki aplike nan lòt vil yo pou mwen wè si sa ta ka fè moun nan lari yo rantre epi ale nan sant ki ta ka ede yo geri. Sa a se yon mouvman radikal men sitiyasyon an terib. |
| **Marc McGovern** | Sa se yon pati ki enpòtan anpil nan travay lan. Mwen te dirije yon konvèsasyon rejyonal ak Boston, Somerville, Medford ak Malden |

| | |
|---|---|
| | sou fason nou ka travay ansanm pou sipòte abitan ki pa loje nou yo. Mwen te defann avèk siksè ogmantasyon finansman pou sipòte popilasyon ki pa gen kay nou an ak moun ki gen difikilte ak maladi mantal. Mwen te prezide Gwoup Travay Majistra a pou Lite kont Sanzabri ki te mande pou nou travay ak ekspè nasyonal yo, defansè lokal yo, abitan ki pa gen kay yo, ak fonksyonè vil yo, gras ak yo nou te pwodwi plis pase yon douzèn rekòmandasyon.<br><br>Mwen ap sipòte Sant Prevansyon Ovèdoz yo.<br><br>Mwen vote pou yo louvri yon kantite Sant Jounen nan tout vil lan.<br><br>Mwen sipòte agrandisman sèvis sante mantal nan Health Alliance, ki gen ladan kabann tretman pou moun ki ap lite ak itilizasyon sibstans.<br><br>Nou dwe sonje ke moun ki nan difikilte pou kay yo, pwoblèm adiksyon yo, ak/oswa maladi mantal yo pa t mande pou yo nan sitiyasyon sa a. Sa ka rive nenpòt moun epi nou dwe rezoud pwoblèm sa yo avèk anpil fòs epi avèk konpasyon. |
| **Patricia Nolan** | Mwen sipòte yon apwòch jeneral pou pwoblèm difisil sa a - divès bezwen nan popilasyon abitan ki gen difikilte pou sante mantal ak itilizasyon dwòg gen ladan sèvis, epi souvan lojman ak swen sante. Tout eleman sa yo nesesè. Mwen sipòte Depatman Sekirite Kominotè a totalman, se yon inisyativ ki pwomèt - menm jan kominote a ki ap dirije gwoup HEART.<br>Mwen vle mete plis moun nan kominote a nan konvèsasyon sou pwoblèm sa yo, pou nou ka konprann nesesite yo epi tande abitan yo konsènan enkyetid yo. Epi sa gen ladanl moun ki pa gen kay epi ki nan kriz ansanm ak moun ki santi pwòp sekirite yo menase lè yo kèk kote nan vil la. |
| **Paul Toner** | antanke Konseye, mwen sètènman ap kolabore ak founisè swen sante nou yo ak òganizatè kominotè yo nan rezoud bezwen kominote nou an epi mwen pral jwe yon wòl sipò nan bay resous pou abitan nou yo. Sepandan, mwen pral suiv direksyon Staf Minisipal nou an ak ekspè sante pou abitan yo sou fason pou pi byen sipòte kominote nou an. Pèsonèlman mwen pa gen eksperyans oswa konesans pwofesyonèl pou ofri okenn pwopozisyon enpòtan pou pwogram yo. |

| | |
|---|---|
| **Robert Winters** | Se pa wòl konseye minisipal yo pou yo mele dirèkteman nan zafè sa yo. Konsèy Minisipal la jis bezwen fè priyorite yo klè bay Administrasyon minisipal la epi apwouve nenpòt finansman ki nesesè pou reponn ak priyorite sa yo. Mwen pa yon ekspè nan reyalizasyon sèvis sa yo, epi mwen ta prefere kite pati ki plis enpòtan nan entèvansyon an bay moun ki kalifye pou fè sa. Mwen gen kèk enkyetid konsènan itilizasyon inivèsèl zòn Central Square la tankou kote yo ta dwe bay tout sèvis sa yo. |
| **Sumbul Siddiqui** | Plis abitan nou yo ak lidè kominotè nou yo resevwa edikasyon sou sante mantal ak abi sibstans, se plis nou ka goumen pou byennèt nou pi byen. Mwen te ankouraje anplwaye minisipal yo ak lekòl yo pou yo vin fòme nan premye swen sante mantal, epi mwen te ede ankouraje Sant Sante Konpòtman Kominotè nan Lopital Cambridge pou ogmante aksè ak tretman. |
| **Vernon Walker** | Mwen gen entansyon rankontre regilyèman ak lidè òganizasyon kominotè yo, ajans minisipal yo, abitan yo, ak founisè swen sante lokal yo pou aprann kijan yo ap jwenn solisyon pou rezoud pwoblèm sante mantal ak sibstans nan kominote a. Mwen pral sèvi ak pozisyon mwen an pou sipòte estrateji yopwopoze pou rezoud pwoblèm sante mantal ak itilizasyon sibstans nan Cambridge. Mwen ap defann kominote relijyez la tou pou yo kapab fè pati konvèsasyon an tou. |